

Chè fanmi,

Avèk egzamen ki gen pou vini pou tout elèv ki nan klas 3yèm-8yèm ane, men kèk repons pou kesyon moun poze souvan yo. Lwa federal 2015 ki rele tout elèv reyisi (Every Student Succeeds Act, ESSA) egzije egzamen anyèl sa yo nan konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) epi yo la pou bay enfòmasyon enpòtan sou si elèv sou wout pou gradye nan lekòl segondè avèk kapasite panse kritik, rezoud pwoblèm ak kapasite pou rezone yo bezwen pou reyisi nan kolèj ak nan machetravay modèn lan.

Egzamen sa yo se sèlman plizyè mezi lekòl nou an itilize pou evalye pwogrè: nòt klas, kanè, modèl redaksyon, pwojè, devwa ak lòt travay ki baze sou pèfòmans elèv enpòtan tou. Pandan yo ka konsidere nòt egzamen ofisyèl yo nan desizyon y ap pran pou chanje klas, gen dwa se pa yo menm ki faktè prensipal la.

Si w gen lòt kesyon, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.

Kilè egzamen ofisyèl yo ap fèt pou klas 3yèm rive 8yèm ane?

Konpozisyon anglè (ELA): 2-3 avril

Ratrapaj ELA: 4-5 avril ak 8-9 avril

Matematik: 1ye-2 me

Ratrapaj Matematik: 3 me ak 6-8 me

Kòman pitit mwen an benefisye nan egzamen ofisyèl yo?

Oumenm ak pitit ou a benefisye nan egzamen ofisyèl yo paske yo:

- Bay enfòmasyon detaye sou si pitit ou a ap aprann sa yo atann li aprann nan nivo klas li.
- Ede lekòl yo detèmine ki elèv oswa gwoup elèv k ap fè pwogrè, ki anreta epi ki bezwen plis sipò, ki depase nòm yo epi ki pwofesè ki ta bezwen plis sipò.
- Pèmèt ou akonnen kòman lekòl pitit ou a ap travay lè yo konpare l ak lòt lekòl yo.

Mwen tande egzamen ofisyèl la gen mwens estrès pou elèv pase jan li te ye avan. Èske se vre?

WI! Nan kèk ane pase yo, Depatman edikasyon Eta Nouyòk fè chanjman nan egzamen klas 3yèm-8yèm ane yo akoz enkyetid paran ak edikatè genyen. Chanjman sa yo se:

- Tan ki pa limite pou egzamen.
- Redui kantite kesyon nan egzamen yo.
- Entegre pwofesè NYC yo nan preparasyon kesyon egzamen yo.

Ki enpòtans egzamen sa yo nan admisyon lekòl presegondè oswa lekòl segondè?

Gen kèk lekòl presegondè ak segondè ki gen evalyasyon dosye akademik ki itilize nòt egzamen kòm yonn nan plizyè kritè pou admisyon. Elèv ki pa gen rezilta egzamen eta a elijib pou yo aplike nan pwogram sa yo, epi lekòl yo anchaj pou yo devlope règleman sou kòman pou yo pran an kont rezilta egzamen ki manke sa yo nan desizyon admisyon.

Tanpri kontakte lekòl yo dirèkteman pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman endividyèl yo; si ou gen difikilte pou jwenn règleman pou admisyon nan yon lekòl, tanpri kontakte Koòdonatè Lidèchip pou fanmi lekòl la.

Mwen enkyete pwofesè pitit mwen an pral « anseye pou egzamen an. » Ki konsekans rezilta nòt yo genyen sou pwofesè yo?

- Apati repons fanmi yo, kounye a lwa eta a, di y ap itilize ranman elèv nan egzamen ofisyèl ELA ak Matematik eta Nouyòk pou klas 3yèm-8yèm nan klasman evalyasyon pèfòmans pwofesyonèl anyèl pou pwofesè ak disrektè.
- Yo adapte kourikoulòm lekòl la ak nòm aprantisaj yo dapre nivo klas sa yon elèv ta dwe konnen ak kapab demontre.

Èske fanmi yo ka chwazi pou pitit yo pa fè egzamen ofisyèl yo oswa mande yon lòt egzamen ?

- Eksepte nan kèk domèn kote yo egzijè konsantman paran, tankou nan evalyasyon Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education (CSE)* pou elèv ki gen andikap and nan kèk sondaj ak etid presi gouvènman federal finanse dapre Amannman Pwoteksyon federal Dwa elèv, pa gen okenn dispozisyon nan Lwa oswa règleman Eta a ki pèmèt paran mande dispans pou pitit yo pa pran Egzamen eta yo oswa pou mande yon lòt evalyasyon. Si w enterese pou pitit yo pa pran egzamen leta yo, se pou pale avèk direktè lekòl pitit yo a.
- Si nenpòt paran toujou vle pou pitit yo pa fè egzamen an apre yo fin kontakte direktè a, direktè a ap respekte desizyon paran an. Paran an ak direktè a dwe kenbe yon dosye alekri sou konvèsasyon sa a.

Kisa yo elèv ta dwe fè pou li prepare pou egzamen an?

- Ede pitit ou a byen dòmi lavèy egzamen an epi manje byen nan matin.
- Di pitit ou a ou kwè nan kapasite !!

kilè m ap konnen kòman pitit mwen an te travay nan egzamen yo?

- Jeneralman, Eta Nouyòk bay nòt egzamen yo pandan ete epi nòt yo ap disponib nan [kont lekòl vil Nouyòk \(NYC Schools Account\)](#) pitit ou a.
- Eta a distribye tou rapò endividyèl chak elèv ki bay enfòmasyon detaye sou pèfòmans.
- Nou ankouraje w kontakte pwofesè pitit ou a oswa direktè a pou diskite nòt egzamen ofisyèl yo ak pwogrè akademik jeneral la.

Kisa k ap pase si pitit mwen an pa pran yon egzamen ofisyèl?

Li enpòtan pou pitit ou a pran egzamen an. Tanpri fè toutsou ou kapab pou sipòte pitit ou a epi pou asire li ale lekòl nan jou y ap bay egzamen sa yo. Elèv ki absan ap gen yon dezyèm chans pou pran egzamen an pandan peryòd egzamen ratrapaj la. Si Pitit ou a absan tou pandan peryòd ratrapaj la, yo p ap ba elèv la lòt chans pou pran egzamen an. Yo pa p penalize yon elèv ni fè l double yon klas sèlman paske li pat pran yon egzamen ofisyèl.